



IUF : KUBATANIDZA, VASHANDI VANOGADZIRA ZVOKUDYA PASI ROSE

8 RAMPE DU PONT-ROUGE | 1213 PETIT-LANCY | SWITZERLAND | IUF@IUF.ORG

## IUF Covid-19 demands : Food and beverage

Sezvo COVID-19 ichipararira pasirese, mumwe wemibvunzo inokosha inosangana nehurumende uye neruzhinji - tine chikafu chakakwana here? Munyika dzakawanda, vashandi ve Mafekitari ezvekudya anoramba akavhurika uye ari kushanda nguva dzese kuti achengetedze kuwanikwa. Nokudaro vashandi vacho vanokosheswa.

Matanho anofanirwa kusimbiswa pakuchengetedza vashandi kuti nyika irambe ichiwana chikafu. Makambani mazhinji, kunyanya emakambani emagetsi, akapa COVID-19 protocol. Saizvozvo, ashandi mumabhizinesi madiki neepakati mashoma vanofanirawo kuchengetedzwa.

Gwaro iri rinopa runyorwa rwezvibvumirano zvevashandirwi zvekudzivirira zvekudya uye zvinwiwa vashandi uye nekuchengetedza hupenyu mukurwira kupararira kweCOVID-19.



### Vashandirwi

**Makambani anosungirwa kuronga pamwechete navamiririri vavashandi matanho angatorwa mukurwisa denda re Covid-19. Vashandirwi vanofanirwa:**

1. Kuona kuti vashandi varikukushanda vakapatsana kwe nhanho dzinokwana 2 metre. Panogona kudiwa kushandura mashandirwo anosimboitwa kare kuti pave nekuchengetedzeka kwe vashandi kubva mukutapurirana hosha iyoyi. Zvekare kuderredza kukurumidza uye huwandu hwechigadzirwa pamutsetse nepamuchina zvichabatsira kuchengetedza kutaramukana
2. **Kuisa sanitizer panzvimbo dzose uye kuwedzera nguva yekuzorora kuitira kuti kushambidza maoko chive chijairire.**
3. **Kuwirirana navamiriri vevashandi pamashandirwo akadai se mashifts uye ne overtime. Denda iri hachisi chikonzero chekushandisa basa rekumanikidzirwa kana kuisa pangozi utano hwevashandi kuburikidza nemaawa akawandisa.**
4. **Kuva nechokwadi chekuti panoshandirwa pagara pahicheneswa, kusanganisira zvimbudzi uye nezvose zvinoshandiswa pabasa (semuenzaniso mabhenji ebase, zvigaro zve masuo, handrail, uye ma keyboards) zvinofanirwa kucheneswa nguva dzose.**
5. Kupa vashandi zvekudzivirira (PPE) - kunyangwe izvi zvisingagone kutsiva kuchengetedza social distancing pakati pevashandi. Pnev zvekare dzimwe nguva vashandi vachifanirwa kusangan kana kutambidzana zvekushandisa, munguva idzi zvekare vashandi vanofanirwa kunge vachinge vakachengetedzeka. Vanofanirwa zvekare kudzidziswa mashandisirwo anoita kuti vasazviise pa njodzi yekusangana ne Hosha kubva kune umwe mushandi
6. **Kuisa nhau nezvinenge zvakabvumiranwa pabasa pama notice board mumitauro iyo vashandi vese vanogona kunzwisisa nekuchengetedza kutaurirana nguva dzose.**
7. Ku gadzira hurongwa hwekufamba wakachengeteka wevashandi pakuuya nekubva kubasa kuti njodzi yekuwonekwa neCOVID-19 iderere.
8. **Kutaurirana mvumo yekuchengeta vana kuti uve nechokwadi chekuti vashandi vanofanirwa kushanda kuburikidza nedenda iri vanogona kuwana nzvimbo dzekuchengeta vana dzakaringana.**
9. Kuti mushandirwi ape basa vashandi oga kwete kushandisa ma Labour brokers uye vashandi venguva pfupi vanofanirwa kudzidziswa nenzira yakakodzera kusanganisira kudzidziswa kwakanangana neCOVID-19 matanho.

# IUF Covid-19 demands : Food and beverage

## Hurumende

1. Nekuda kwekuti kuchengetedza chikafu chakakwana chisungo chehurumende, hurumende dzinofanirwa kushanda nemasangano evashandi pamwe nevashandirwi kuti ive nechokwadi chekuti chikamu chechikafu uye chinwiwa chinogona kuchengetedza kuwanikwa pasina kuisa hutano nekuchengetedzeka kwevashandi vayo vari panjodzi.
2. Hurumende dzinofanirwa kuziva njodzi dzebasa pamwe nekunetseka kunowanikwa nevashandi. Hurumende dzinofanirwa kushandira pamwe nevamiririr vevashandi uye nevashandirwi kuti vachengetedze hutano pabasa uye mari yekutsigira mari kuderedza njodzi idzi.



## Mamwe mapazi anokosha

1.FAO, ILO neWHO, masangano eUN anotarira chikafu, mamiriro emabasa uye hutano anofanirwa kushanda pamwe kuti ave nechokwadi chevashandi vari muchikamu chechikafu uye chinwiwa chinonzi chakakosha vane mamiriro akanaka ekushanda.

2.FAO, ILO neWHO zvinofanirwa kusanganisa masangano emubatanidzwa mukuvandudza uye kuita madingindira epasi rose kuti ave nechokwadi chekuchengetedzwa kwechikafu chenyika.

## Zvekuita Kana paita urwere

Michina inoongorora Hoshha ye Covid-19 haina kukwana munyika zhinji. Saizvozvo, munhu wese ane zviratidzo zve coronavirus anofanira kukwanisa kuongororwa uye kuti asaende kubasa kusvika aongororwa kuti haana hoshha. Zvinofanirwa kubvumiranwa pabas sechikamu chemaprotocol ebasa. kunyangwe kuongororwa kuchibatsira kudzivirira kupararira kwechirwere ichi hakuvimbisi kuchengetedzeka kunzvimbo dzebasa. Nzira yakanaka imwe yekudzivirira kutapuriranwa ndeyekuti munhu wese azvione seanogona kutapukira.

Vanhu havafanire kuenda kubasa kana vachinzwa kusanzwa zvakanaka mumuviri. Izvi zvakakosha zvakananyanya padenda kupfuura panguva yakajairwa. Kushanda kana usinganzwi zvakanaka kuisa hupenyu hwevamwe panjodzi kunyangwe kurwara kusiri kweCovid-19, kuparadzira chirwere panguva ino kunokanganisa immune system ye vamwe uye kunoisa dzvinyiriro yakawandisa pamabasa ehutano.

Vashandi vanopfuura makore makumi matanhatu neshanu kana vane mamiriro akadzika ehutano akadai sehoshha yemwoyo, kenza, chirwere cheshuga kana chirwere chekufema, kana vane immune system yakadzikira vari panjodzi yekurwara zvakananyanya kana kufa nekubatwa neCovid19. Kana vashandi ava vasingakwanise kuve kugariswa kure nevamwe, ivo vanofanirwa kuiswa pazororo kubva pa basa.

